

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

**Афгъаналда хварав ракIалде щвезавуна**

Стр. 2

ЖАМГIИЯТ

**Дагъистаналъул бетIерасул рахъ ккураб жамгIияб гIуцIи**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 11 * август 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

## АНКЬРАКЬАЛЪУЛ СИЯЛ

**Аралдаса цIа босизе ккола, рахъу жибго тун**
*(Жан Жорес - франциялъул тарихчи)*

**Нилъер районалда бищун кIудияб культурияб ва тарихияб бечелъилъун рикIкIине бегьула бакI-бакIалда ругел ганчIил сиял. Гьезул цоял цIакъго хашаб, къачIазе ккараб хIалалда руго, цогидал гIасрабаздаса хадур жеги лъикIалан цIунун хутIун руго. Гьезде тIоцебе кIвар буссинабун букIана араб соналъ республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас. Мисалалъе жиндирго росулъ бугеб хъалаги бачун букIана. Чанго къоялдаса районалде рачIана "Я помощник президента" абураб къокъаялъул гIолохъаби, дандчIвана районалъул нухмалъулелгун, бицана гьеб иш жидеца тIаде босулеб бугин. Амма гьелдалъун иш лъугIана.**



Мазада сиялъул хутIел

ЦIакъго гIемер рукIуна республикаялъул бетIерас щибалиго абурабго гьесул цIарги хIалтIизабун жидеего сагIалъи гьабулел, жил досул тIадкъаял тIуралел чагIи ругилан ахIи-хIур гьабулел, жидее гьеб ишалдаса пайда гьечIониги, рецц-бакъалъе гIологIаги иш гьабизе кколилан лъугьарал чагIи. ТIадехун рехсарал гIолилалги гьеб тайпаялдаса ратизе ккола, бокьилаан дун мекъи ватизе. Гурони, бичIчIуларо щиб гьабизе гьезда ракIалда букIараб ва щай гьеб хIалтIи гьоркьоб къотIун бугебали. Кинаб хIалтIи гьеб букIине кколеб?

ТIоцебесеб иргаялда жалго сиял къачIазе ккола, гьел щущаларедухъ гьаризе ккола. Гьелдаго цадахъ лъазабизе ккола чан хъала бугеб, кил гьел ругел ва щибалъул паспорт гIуцIизе ккола. Гьелъул магIна ккола щибаб хъаладул цIар, гьелъул тарих (бараб ялъуни цIигьабураб, бихxараб,

Ахир 2 аб. гьум.

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ЧОЛ ТIИКЪВАЯЛЪ ХЪВАРАБ ДУР ТАРИХАЛЪЕ БЕТIЕР НАСЛАБАЦА БУГО КЪУЛУЛЕБ...

## Белъелда росулъ Шамилил наиб ракIалда щвеялъул тадбир тIобитIана

**Августалъул кIиабилеб къоялъ Белъелда росулъ тIобитIана гьебго росулъа Шамилил наиб Батирил ГIумар ракIалде щвеялъул мажлис. ТIолабго районалдаса ракIарана гIадамал росдада дандчIван бугеб накIкIил рохьил рацIцIалъиялде.**




Мажлисалда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул муфтиясул заместитель ШагIбан-хIажи Рамазановас, ЛъаратIа муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабовас, Белъелдаса гIалимчи ГIабдугъапурил МухIамадица ва гьел гурел цоги батIи-батIиял росабаздаса гIалимзабаз, жамгIиял ва диниял хIаракатчагIаз. Мажлис гIуцIиялъул тадбир кинабго тIаде босун бугоан Белъелда росдал жамагIаталъ. МагIарухъ ругел ва гIатIиракьалдаса рачIарал гьалбаз цIакъго кIудияб даражаялъул хIалтIи гьабун бугоан. Радалго гьенире унел машинабазул халатаб читIир гIун букIана. Киналго тIаде рачIаразе кумек гьабун, нух бихьизабун, гIадлу гьабун рекерахъдулел рукIана Белъелдаса гIолохъаби.

ШагIбан-хIажи Рамазановас цин берцинаб вагIза гьабун, цинги гIалимзабазе, хадубги мавлидалгун нашидал ахIулел гIолохъабазухъе рагIи кьун махщалида бачунеб букIана мажлис. ГIабдугъапурил МухIамадица щвалде щвараб, кинавго чияс дунялалъулги, ахираталъулги пикру гьабизе тIамулеб гъваридаб магIнаялъул кIалъай гьабуна. КIалъалев вукIана гIадамал гIенеккуледухъ, шавкъалда, щивасул рекIеда хъитIуледухъ. Цинги батIи-батIиял кIалъаял гьаруна районалъул имам МухIамад-хIажияс ва гьев гурел цогидазги. РакIалда хутIана Белъелда росулъа тарихчи ГIумаров МухIамадица гьабураб кIалъай. Гьес гIезегIан пасихIго бицана Белъелдаса наиб Батирил ГIумарил хIакъалъулъ, бицана гьесул наслу-тухумалъул, гьес гьабураб рагъулаб хIаракаталъул. Тарихчияс махщалида цебе чIезабулеб букIана XIX гIасруялъул 40-50 абилел соназ Кавказалъул балалдаса севералде ва югалдехун букIараб политикияб ахIвал-хIал ва гьел лъугьа-бахъиназулъ Анкьаракьалъул жамагIаталъ гьабураб хIахьаллъи. (ГIагараб газеталъул номералда букIине буго живго Белъелдаса Батирил ГIумарил хIакъалъулъ гIатIидаб макъала).

Мажлисалъулъ бищунго рекIее гIуна Белъелда росдал жамагIаталъ гьабураб кIудияб хIалтIи. Мажлис тIобитIараб рохьил рацIцIалъуде гьабураб лъикIаб нух бугоан, гIадамазе квана-гьекъезе кинабго чIезабун бугоан, квен кьеялъул ва гьалбадерие хIурмат гьабиялъул тадбир тIадегIанаб даражаялда букIана. Машинаби лъезе чIезабун букIана хасаб гIатIидаб расалъи. Щибаб хIалтIулъ вукIана гьелъул жаваб кьолев, щибаб хIалтIи гьабизе тIаде босарав чи. РекIее гIуна гьез гьабураб жигарчилъи. Мажлис бугеб къоялъ магIардаса гIиги рачун, гьеб расалъудаса дагьаб рикIкIад бугеб бакIалда росдал гIухьбуца гьелги гIигиречIчIун, гьалбазда цебе гьанжего гьанже хIадурараб цIияб гIиял хIан лъолеб букIана. Цебеккун гьеб мажлис гьабулеб букIинчIо, цеве живго Батирил ГIумар абурав наиб вукIинги лъалеб букIинчIо гIадамазда. Амма тарихалъул тIанчал регарабго гьесул цIар къватIибе бачIана ва гьеб нилъеца кIодо гьабизе гIураб цIар буго. Ратизе бегьула гьединго нилъеда жеги лъаларел хIужабиги.

Нилъер тарих буго жеги рагIа-ракьанде щун лъазабун гIвечIеб. Батирил ГIумарил хIакъикъат рагьи ккола нилъер рагIдукь хутIараб тарихалда рагьараб нуцIа. Тарихалде кIвар буссиналъул мурадалда гьаризе ккола гьадинал тадбирал. Ахиралда тIолабго жамагIаталъ бацIцIадаб гIурччинаб гIуруялда тIад жамагIат гьабун какги бан, цо-цо гьалбадерие Къуръаналги рикьун лъугIазабуна мажлис.

ГIемер рехсана кIвар бугел, нилъер районалъе ва щивав чиясе хIажатал суалал, гьезул киналго рехсон хIал кIоларо цо макъалаялда жанир, гьелъие щибалъе хасаб макъала хъвазе ккола. Амма мажлисалъул аслияб кIвар букIана нилъер бахIарчиял умумузул тарих ракIалде щвезаби. Инсанасда жиндирго умумулги, тухум-кьибилги лъалеб гьечIони, гьесда бахIарчиял ракь-

Ахир 2 аб. гьум.

РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

## АНКЬРАКЬАЛЪУЛ СИЯЛ

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

къачIараб заман), бугеб бакI, гьабсагIаталда бугеб хIал ва кинаб хIалтIи гьениб гьабизе кколеб абурал баянал рукIине ккола щибалъул хIакъалъулъ. Гьеб кинабго хIалтIиги гьабун, гьабизе кколелъул планги гIуцIун, харж гьабизе кколеб гIарацги рикIкIун республикаялъул тIалъиялда цебе лъезе ккола гьеб масъала. РакIчIун лъала гьеб тIубазе букIин, щайгурелъул тIадехун абухъе, живго Рамазан ГIабдулатIиповасул тIадкъай буго гьеб.

КIиабизе, лъикI букIинаан гьеб ишалда тIад хIалтIулеб хасаб комиссия бугони нилъер районалъул тарихчагIаздаса ва цоги интеллигенциялъул вакилзабаздаса гIуцIараб. БакIазда ругел тарихалъул мугIалимзаби, тарих лъалел харабиги ракIарун, тарихиял документазул халги гьабун щибаб тарихияб памятникалъул хIакъалъулъ баян лъазабизе ккола. Амма...

Амма гьеб иш буго гIезегIан кIудияб тарихияб бичIчIиги бугеб, аралъулги букIиниселъулги хIисаб гьабулеб жамагIаталъ гьабулеб иш. Нилъер гьеб букIарабани гьанжелъагIан щущалел хъулбиги, бащдалдаса бащдабги жеги лъазабичIеб тарихги букIинароан. Нилъеда гьанже гурони лъан гьечIо нилъер районалдаса Шамил имамасул наиб вукIин. Гьединлъидал, дида ракIалда буго гьеб суалалда тIад кIваркьун хIалтIизе. Хьул буго нилъер тарихалъул кIвар бугев щивас гьеб ишалъе квербакъани. Хьул буго районалъул нухмалъиялъул ва росабазул бегавулзабазул кумекалда. "Анкьракьалъул сиял" абураб хасаб тарихиябгун жамгIияб проект рагьулеб буго "ЛъаратIа" газеталъул редакциялъ. Нижеца газеталда кьезе руго щибалда хурхун баяналги, сураталги. ХIасил калам, цIалдолезухъе кьезе буго щибаб моцIалъ цIияб хъаладул хIакъалъулъ баянал. Хадубккун гьединаб тIехь къватIибе биччазеги ракIалда буго.

ТIадехун эпиграфалде росарал франциялъул тарихчиясул рагIаби цIакъго данде кколел руго нилъер районалъул лъазабичIого хутIараб тарихалде. Добаса-гьаниса хъирщараб рахъу гурони, унго-унгояб цIадулал соназул тарих жеги тIубанго рагьун гьечIо нилъеца. Гьеб ишалъе гIоло лъолел галаби гьал ратиялда ракIчIунги буго. Хабар лъикIаб рагIайги!

**Расул АБАКАРОВ**

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ЧОЛ ТIИКЪВАЯЛЪ ХЪВАРАБ ДУР ТАРИХАЛЪЕ БЕТIЕР НАСЛАБАЦА БУГО КЪУЛУЛЕБ...

## Белъелда росулъ Шамилил наиб ракIалда щвеялъул тадбир тIобитIана

цоялде лъалел гьечIони, гьев гIадада гIумру гьабулев чилъун рикIкIине бегьула. Щивас тола дунялалда жиндирго лъалкI. Цояс рогьояб, хIалихьатаб, цогидас бахIарчияб. Гьеб кIиябго кIочон тезе бегьуларо, гьелъ тарбия кьола гIадамазе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе. Тарихалде ахIи бараб, нилъер районалъул тIокIлъабазе ва гьунаразе хIакъикъияб кьимат кьун гьечIилан бицунеб букIана мажлисалъул ахиралда ЧIородаса Джарулаев МухIамадица цIалараб "Анкьракь" абураб кечI. Гьелъул автор ккола Салдаса ГIалиев Рамазан. ТIолабго гьеб мажлисалъул магIна жанибе бачун буго гьеб кочIоца ва халкъалъ кутакалда лъикI къабулги гьабуна. Дида лъикIаблъун бихьула гьеб кечI гьабине рехсей.

Дир анкьабго талихI, анкьабго роххел
Анкьго бодул васал руссараб ватIан,
ТIадмагIарулазул гIамал-хасият
ХисичIого нахъе цIунараб улка

ГIемер вуцIцIун чIана дур гьунаралъул
Бицине дир рагIул къуват гIеларин.
Ва кватIун босараб къалмил бегIерлъи
Дур хонжрол рекIигун рекъон ккеларин.

ХIурулал архивалъ дур бахIарчилъи
БукIанилан хъвараб бакI батуларо,
ЦIороберал рарал гIалимзабаца
ГIемер бицунаро дур гьунаралъул.

Амма букIана гьеб, лъидаго лъала,
Лъалиниб цIакъ дагъаб букIана ханжар.
Давлаги, чабхъенги, чияр ракьалги,
Чол кьолониб араб гIолохъанлъиги.

Дида гьеб бицана росулъа херас
РикIкIада ЦIоралъул мугIрузде вуссун,
Доб Алазаналъул рагIаллъабазда
ГIемерал хутIанин къотIарал бутIрул.

Гъазават лъугIараб Гъуниб магIарда
Гъугъай къотIун хадур сонал аниги
Живго Шайх ШагIбанил чабхъадулаца
Чархида хвалчаби рукIана кколел.

РекIарав багьадур боркьараб рагъда
ЦIоралъул мугIрузда шагьидлъаниги
Къамилухъ, ЧIорода, ЧIаргин Белакан,
ЧIабатI жеги ххунеб букIана васаз.

Амма гьеб реццалъе, цIаруй букIинчIо,
ЦIа букIана гьезул рекIелъ береleб,
Чол тIикъваялъ хъвараб дур тарихалъе
БетIер наслабаца буго къулулеб.

Жакъа Анкьракьалъул гIолохъабиги
ГIорхъалаби рахъун къватIирги руго.
Дагъистаналдаги дуниялалдаги
Дур васазул цIарал цIвалъун кенчIола.

Доба Сиднеялъул Олимпиялда
Эхеде борхараб бакIаб зарги дур,
Европарламенталъ гIодор чIаразулъ
ГIакъилго нилъалзукь лъураб кверги дур.

Биччанте кьал нилъер харбалъ хутIизе,
Хобал дур ракьалда дагьал рухъизе,
ТIолго Анкьракьалъул гIолохъабазул
ГIорал, лъарал гIадин ракIал журазе.

Дуниялги сверун вуссанин духъе,
Даим хиси гьечIеб хутIила рекIелъ,
ЦохIо зобалазукь анкьабго ракьги,
Анкьиде рикьарал кьурул нухалги.

**Рамазан РАЖАБОВ**



РакIалде щвеялъул тадбир

# Афгъаналда хварав ракIалде щвезавуна

**Исана 3 августалда Гьиндиб росулъ тIобитIана бахIарчиго Афгъаниставалда хварав нилъер ракьцояв МухIамадгIалиев МухIамадгIали ракIалде щвезавиялъул щибаб соналъ тIобитIулеб воллейболалъул турнир.**

Гьенибго рагьана цIияб воллейбол хIалеб майдан. Турниралде рачIун рукIана Дагъистаналъул миграциониияб службаялъул нухмалъулев ва воллейболалъул федерациялъул президент ГIабдулатIипов Ражаб, республикаялъул Медико-социалияб экспертизаялъул бюроялъул нухмалъулев МахIачев МухIамад, Россиялъул тIадегIанаб категориялъул волейболалъул судья ГIалиасхIаб ХIажиев ва гьел гурел цоги гьалбалги. Гьединго букIана ветераназул тIаса бищараб команда ва президентасул ветераназул командаги. ГIаммаб къагIидаялъ турниралда гIахьаллъана 15 команда.



Турнир рагьана волейболалъул федерациялъул президент ГIабдулатIипов Ражабица. Гьес бицана магIарухъ волейбол цебетIезабиялъул бугеб кIудияб кIваралъул ва гьелъе ругел ресазул, ракIалде щвезабуна рагъда бахIарчиго хварав гIолилав ракIалде щвезавиялдалъун районалда патриотическияб тарбия кьеялъул ва массовияб спорт цебетIезабиялъул масъалаби тIуралел рукIин. МахIачев МухIамадица бицана республикаялъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIиповасул квербакъиялдалъун республикаялда ва нилъер районалда волейбол цебетIезабиялъе гьабулеб щинаб хIалтIул хIакъалъулъ ва гьесие жамагIаталъул ва районалъул рахъалдаса баркала кьуна.

Къецазул хIасил ккана гьадинаб: ТIоцебесеб бакI босана Ибрагьимотар росдал командаялъ, кIиабилеб - Хидиб росдал командаялъ, лъабабилеб бакI босана Росноб росдал командаялъ. Бергьаразе кьуна гIарцулал сайгъаталги. I-80 000 гъур, 2 - 50 000 гъур, 3 - 40 000 гъуруш. гIарац. Турнир ана берцинго, тIадегIанаб даражаялда.

**ЧАКЪАЛОВ**

❖ коротко * * * новости * * * коротко * * * новости

❖ **Дагъистаналъул Пенсионнияб идараялъул 104 хIалтIухъанасе къварараб выговор кьун буго гьелъул нухмалъулев СагIид МуртазагIалиевас.** Аслияб къагIидаялъ гьужум гьабуна пенсиял чIезарулеб отделалъул нухмалъулезде, гьездасан гIадамазул гIарзал ругилан. МоцIида жаниб гьеб ахIвал-хIал хисичIони киналго хIалтIудаса ратIа гьаризе ругилан лъазабуна.

Микьго чи гьанжего нахъе гьавун вуго.

❖ **ЦIияб цIалул сон байбихьигун 16 цIияб школа рагьизе буго Дагъисталалда тIоцебесеб сентябралда.** Гьединаб баян кьолеб буго республикаялъул экономикаялъул министерствоялъ. Школал рагьизе руго МахIачхъалаялда, Хасавюрталда, Гъуниб, ЦIунтIа, Агул ва гьел гурел цоги районаздаги.

Киналго школал разе хIалтIизабун буго 538 млн. гъуруш гIарац, гьелдаса 179 млн республикаялъул бюджеталдаса, хутIараб федералияб бюджеталдаса.

БАРКУЛА

## Нилъер ракьцояв бетІерав судиявлъун вищана

Нилъер районалъул Барнаб росулъа Ибрагьимов Ислам вищана рачел бухьун гугариялъул рахъалъ Россиялъул бетІерав судиявлъун.

Июль моцІалъ Москваялда академиялъул музеялда тІобитІана рачел бухьун гугариялъул федерациялъул хІасил кьеялъулаб данделъи. Гьеб данделъиялда кинацаго кверги борхун Ислам вищана Россиялъул рачел бухьун гугариялъул бетІерав судиявлъун.

Гьелъ бицунеб буго рехсараб спорталда нилъер ракьцоясул бугеб авторитеталъул, рес кьолеб буго нилъер районцоязе гьеб спорталде ине ва бергьенлъаби росизе. Мекълъаби гьариялдаса нилъ цІунун ругилан абизе бегьула.

Ислам чанцІулго вахъана гугариялъул рахъалъ районалъул чемпионлъун. Хадубккун гьес лъугІана Липецкиялда физкультураялъул институт, гьев ккола эркенаб гугариялъул мастер спорта. Гьарула Исламие талихІгун инкъбал, спорталъул битІккей.

СПОРТ

## АнцІго нухалъ районалъул чемпион

**ЦІумилухъ росулъа ХІусейнов АхІмад гьитІанаб къоялдаса нахъе гугарана районалда тІоритІарал эркенаб гугариялъул къецазда ва щибаб нухалъ гьев чемпионлъун вахъулев вукІана.**

ТІоцересел къецазда гьев цеве вахъана 27 кг. цІайиялда ва гьеб цІайиялда кІиго нухалъ районалъул чемпионлъун вахъана. ГІун вачІунев гІолиласул щибаб соналъ цІайи цІикІкІунеб букІана ва цІияб цІайиялда нахъойги бергьенлъи босулеб букІана.

2004 соналдаса 2013 соналде щвезегІан гьев анцІго нухалъ районалъул чемпионлъун вахъана.

ЛъабцІул АхІмад бергьана Дагъистаналъул зоналиял къецазда, гьединго гьев бергьана гІолилазда гьоркьоб тІобитІулеб «Дружба» абураб турниралда. ГьабсагІаталда АхІмад цІалулев вуго Хасавюрт шагьаралда ХІамидовасул школалда.

Нижер хьул буго гьелдалъун лъугІизе гьечІин медалал ва цІиял бергьенлъабаздалъун гьес нилъ роххизариялда.

**ЧАКЪАЛОВ**

## Квер багъизе бергьана

**Август моцІалъул байбихьуда МахІачхъалаялда тІобитІана квер багъизе тІабиялъул рахъалъ (армрестлинг) Дагъистаналъул чемпионат.**

Гьениб гІахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, ЛъаратІа РОВДялъул хІалтІухъан Рамазанов ГІалихІажица. ХІалуцарал къецазул хІасилалда нилъер ракьцояс лъабабилеб бакІ ккуна. Баркула ГІалихІажида гьеб бергьенлъи ва гьарула гІумруялъул талихІгун инкъбал ва хІалтІулъ бергьенлъаби. Иш камиллъаги, квер щулалъайги, полициялъул хІалтІухъаби бажари-гьунар бугел рокьила нижее.



**ЧАКЪАЛОВ**

ПРОВЕРКА

**Прокуратура Республики Дагестан Старшему помощнику прокурора по взаимодействию со СМИ и общественностью юристу 2 класса Голубовой Т.И.**

Прокуратура Тляратинского района РД провела проверку соблюдения требований трудового законодательства в ОАО «Тляратинское ДЭП».

В ходе проверки установлено, что в данном учреждении допускаются случаи несвоевременной выплаты заработной платы. В результате образовалась задолженность по оплате труда перед работниками в сумме свыше 1,5 миллиона рублей.

По результатам проверки в отношении главного бухгалтера предприятия возбуждено производство об административном правонарушении, предусмотренном ст. 13.19 КоАП РФ (нарушение порядка представления статистической информации), которое направлено в Территориальный орган Федеральной службы государственной статистики по РД для рассмотрения по существу.

В целях устранения допущенных нарушений прокуратурой района в адрес руководителя ОАО «Тляратинское ДЭП» внесено представление об устранении нарушений трудового законодательства.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ.**
**исп. Г.В. САСИЕВ,**
**тел. 89188334444**

ЖАМГІИЯТ

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ БЕТІЕРАСУЛ РАХЪ ККУРАБ ЖАМГІИЯБ ГІУЦІИ

**ЛъагІелгун хадуб сверулеб буго нилъер республикаялда Дагъистаналъул бетІерасул нух ккураб жамгІияб гІуцІи баккаралдаса. (Дагестанская региональная общественная организация «Поддержка курса Главы РД»). Гьеб гІуцІиялъул буго кьучІаб хІалтІиги, тасдикъ гьабураб уставги ва гь. ц. Дагъистаналъе бетІерлъи гьабизе нилъер ракьцояв Рамазан ГІабдулатІипов вачІаралдаса нилъер гІемерисез абулеб букІана Рамазание кумек букІине ккелилан.**



Дагъистаналда бугеб ахІвал-хІалги хІисабалде босун, вачІаравго гьес абуна: «Дагесан цІигьабизе ва цебетІезабизе ккола, тІокІаб батІияб нух нилъер гьечІо», - абун.

Республика цебетІеялъе чара гьечІого хІажатаблъун гьабуна 10 приоритетнияб проект. Гьел проектал гІумруялде рахинаризе ккани хІажалъула нилъ киналго ракІбацІцІадго хІалтІизе, ай киналго министралги, районазулгун шагьаразул бутІрулги, росабазул бутІрулги ва цоги идарабиги.

Гьаб жамгІияб гІуцІиялъул аслияб мурад буго рехсарал проектал гІумруялде рахинарезе республикаялъул жамгІияталдаса кумек тІалаб гьаби. Гьеб гІуцІиялъе кьучІ лъун буго нилъер районалдаги, рагьун буго хІалтІухъабазул штаб, букІине буго администрациялъулгун, отделазулгун хурхен, хІаракат букІине буго гІунгутІаби лъугІизаризе.

ЖамгІияб гІуцІиялъул хІалтІухъаби гІахьаллъизе руго районалъул данделъабазда. ГІуцІиялда гьорлъе лъугьине бокьарал, ватІанги, районги ва республикаялъул цебетІейги бокьарал районцоязда лъазабулеб буго нижехъе регистрациялде рачІаян. ГьабсагІат гьаб гІуцІиялъе нилъер районалда нухмалъи гьабулев дун ккола.

**СултІан ГІАБДУРАЗАКЪОВ,**
**Начада росу**
**Тел: 8-906-446-15-94**

**❖ коротко * * * цифры * * * коротко * * * цифры**

❖ **117 млн гъуруш гІарац буго Дагъистаналда батІи-батІиял идабазул хІалтІухъабазе кьечІого хутІараб харж.** Гьедин лъазабулеб буго Дагъистаналъул прокуратураялъ. Пачалихъияб статистикаялъулаб идараялдаса бахчараб, кьечІого хутІараб харжалъул къадар буго 70 млн гъуруш. Гьелдаса гІемерисеб буго классалъе нухмалъи гьабиялъухъ учительзабазе кьечІеб гІарац.

❖ **200 млн евро гІарац хвезабизе буго Хунзахъа миллиардер Зияудин МухІамадовас МакьастІа курорт базе.** Цебеккун гьеб балеб букІана пачалихъалъул гІарцуде "Курорты Северного Кавказа" абураб пачалихъияб идараялъ 20 млрд гъурушги хвезабун. Хадуб лъазабуна гьеб хІалтІи гьоркьоб къотІизабун бугин. Амма З. МухІамадовас гьеб курорт жиндир гІарацги хІалтІизабун цІигьабун гІуцІулеб буго.

❖ **536000 – гъурщиде бахараб пенсия букІине рес буго В. Путинилги Д. Медведевасулги.**

❖ **147 000 – гъурщиде буго Путинил суратги нахъа бахъараб iPhone 5s Supremo Putin абураб телефоналъул багьа.**

❖ **50 % – Ригьназул 50 процент риххулел руго тІоцебесеб 7 соналда жанир.**

❖ **8 – Бакъул канлъи ракьалде щвезе балеб буго 8 минут.**

❖ **2 – Къойида жаниб 2 сагІат гІанасеб мехалъ телевизоралъухъ ралагьулел руго 2 сон бачІел лъималазул 59%.**

❖ **5 – ТІубараб гІумруялда жаниб инсанасул щуго сон унеб буго кваналаго.**

❖ **18 000 – Къойида жаниб чияс гьоркьохъеб куцалда 18 000 гали тІамулеб буго.**

❖ **3 – Щибаб лъаб-лъаб секундалда жанив ракьалде вачІунев вуго цІияв инсан.**

ВАШЕМУ СВЕДЕНИЮ

# Увеличение пенсии работающим пенсионерам в августе 2014 г.

**В августе 2014 г. Пенсионный фонд России проведет перерасчет пенсионных выплат для работающих пенсионеров. В августе 2014 г. Работающие пенсионеры начнут получать пенсию в повышенном размере в результате коректировки страховой части за счет сумм уплаченных страховых взносов в Пенсионный фонд .**

Перерасчет каснется почти 14 милионов человек или 37% получателе трудовых пенсии в России. Выплаты будут повышены автоматически . При этом на перерасчет страховой части трудовой пенсии без подачи заявлении имеют право получатели трудовых пенсии по старости и по инвалидности , за которых работодатели в прошлом году и в первом квартале 2014 г. Выплачивали страховые взносы. В среднем размере прибавки составляют от 120 до 300 рублей в зависимости от сумм страховых взносов , уплаченных за пенсионеров.

Кроме корректировки трудовых пенсий работающих пенсионеров , в августе 2014 года будет увеличена пенсия граждан , получающих свои пенсионные накопления в виде срочной пенсионной выплаты или в виде накопительной части трудовой пенсии .

Таким образом, размер срочной выплаты увеличится на 2,3%, а накопительной части пенсии - на 2,9%.

Корректировка данных выплат осуществляется на счет дохода от инвестирования средств пенсионных накоплении .

**Асадула АСАДУЛАЕВ,**
**работник Пенсионного фонда**

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Уважаемые граждане Российской Федерации (1985г. и старше), которым не назначена трудовая пенсия и не работающие в силовых структурах. Вам необходимо обратиться в отделы оценки пенсионных прав Управлений (Отделов ) Пенсионного фонда Дагестана по месту жительства до 1 сентября 2014 года . При себе необходимо иметь следующие документы:

1).Паспорт
2).СНИЛС
3). Трудовая книжка
4). Военный билет (если имеется).
5).Справка с центра занятости, если состоял (а) на учете до 2002 года.

Необходимо это, прежде всего для учета периодов работы в единой общероссийской компьютерной базе данных Лицам , которые не обратились до 1 сентября 2014 года, могут не учесть эти периоды при наличии трудовой пенсии.

По всем интересующим Вас вопросам обращаться по телефону:
67-72-19

**Пенсионный работник**
**ШАМИЛОВ А.А.**

КIособ поселковияб поселениялъул администрациялъ Беган колоб бугеб 1,5 га ракьул тендер лъазабулеб буго 2014 соналъул 1 августалдаса 2014 соналъул 1 сентябралде щвезегIан.

# РачIа интернаталде

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда аскIоб хIалтIизе байбихьун буго школа-интернат. Гьениб рукIарахъиналъе чIезе гьарун руго лъикIал шартIал, ай кIи-кIи чи регулел рукъзал, столовая, чвердезе душал, чIезабун буго лъикIаб квинги.**



Интернаталде бокьарав цIалдохъан восула. Хъвазе ккола гIарза интернаталъул нухмалъулезухъе. Интерналъул нухмалъи гьабулеб буго Ражабова Сакинатица. Ясазе ва васазе интерналъул нуцIби рагьарал руго. РачIа цIализе нижехъе.

**Интернаталде росизе ккани къваригIуна:**
—ГIарза
— Свидетельство о рождении ( копия).
— Медицинский полис (копия).
— Справка сахлъиялъул.

**Интернаталде росула :**
1.) Лъимал гIемерал хъизаналдаса.
2.) эбел яги эмен гьечIел лъимал.
3.) рикIкIада гIумру гьабулел лъимал.
4.) мискинал хъизамаздаса лъимал.

Гьединго ЛъаратIа школалда цIикIкIун кIвар буголъималазе лъайкьеялъе, хIалтIулел руго кабинетал химиялъул, историялъул, биологиялъул.

Лъай кьолеб буго тIадегIанаб квалификациялъул предметниказ.

Интернаталда гIумру гьабулезе дарсиде хIадурлъизе кумек гьабула махщел бугел мугIалимзабаз. Интернат къачIан буго жакъасел тIалабазда рекъон.

Буго хинаб, цIорораб лъим, гигиениябукъ, гладилниябукъ, столовая, буфет, читальный зал. Щибаб комнаталда гIумру гьабула кIи-кIи лъимералъ. Ясазе ва васазе чIезабун буго батIаго этаж, воспитателал, нянкаби.

Интернаталда аскIоб буго спортзал, мажгит, больница.

КИЦАБИ ВА АБИЯЛ

## ГIорцIеналъул щай наслу гьечIеб?

Дуниялго лъелъ гьанкъулеб заманалда НухIил гамиде щибаб рухIчIаголъиялъ кIи-кIиябги бачун, нахъ хутIараб кинабго рухIчIаголъиялде лъимги тIаде кIанцIун гьанкъулеб мехалда щибаб рухIчIаголъиялъ жинди-жиндир тIинчI бетIералда тIад ккурабила .

ГIорцIенин абуни, жиндирго тIинчIги гьоркьлъун, жибго гьелда тIаде бахъарабила. ТIинчI хвеялъул гьелъие ургъел ккечIила жибго хвасарлъиялъул гурони.

Гьелда ццин бахъун ТIадегIанав Аллагьас гIорцIеналъе наслу кьечIила ва гIамалги мекъаб кьурабила.

## Тутидул гъветI



Цо чиясул букIанила, тутидул гъветI. Гьес гьеб къотIизе гIолохъаби ахIун руго. Гьеб бахIараб гIолохъанаб гъветI къотIизе кIоларин абун буго гIолохъабаз. Гьебмехалъ , гьев чияс жинцаго къотIун буго тутидул гъветI. Гьес гъветI къотIун бахъарабго, дунял лахIчIегIерлъун буго, горогун цадахъ кутакаб цIад бан буго. Заманго иналде гьев чи хун вуго. Аби буго бахIараб тутидул гъветI къотIани чи холилан, ялъуни балагь бачIунилан.

**РитIун рачIана Колоса**
**ШЕЙХОВ Сайпудиница**

## НИЛЪЕДАСА ВАТIАЛЪАНА

Хехаб унтиги речIчIун, ракIалдаго гьечIого нилъедаса ватIалъана чанго соналъ нилъер районалда хIалтIарав Шамил районалъул Гьолокьа **Салимов ГIумар.** Гьесда лъаратIисевилан абизе бегьула, щайгурелъул гьесул кинабго хIалтIул нух гьанисан анилан абизе бегьула. Мединиститутги лъугIун ЛъаратIа централияб больницаялда хIалтIана гьев, хадув ЧIорода участковияб больницаялда хIалтIана бетIерав врачлъун.

Районалъул жамагIаталъ гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго Салимов ГIумарил рукъалда, гIагарлъиялда ва росуцоязда. Алжан къачIазе арав ватайги!

**ЛъаратIа газета,**
**райадминистрация**
**ва тIолабго районалъул**
**жамагIат**

НИЛЪЕР РОСАБИ

ТIохьотIа росдал авал



**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 800 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 14.08.2014